WIKIPÉDIA

Basa Polen

Basa Polen utawa **basa Polski** (*język polski, polszczyzna*) iku basa resmi Polen. Basa Polen digolongaké sajeroning basa Slav Kulon, saklumpuk karo basa Ceski, Slowak, Kasubi, Sorbi-ilir, Sorbi-ulu lan Polabi. Basa iki akèh dipituturaké ing Polen lan dadi basa Slav Kulon sing paling akèh panuturé. Saliyané iku, basa iki basa Slav sing gedhé dhéwé nomer loro sawisé basa Rusia. Basa Polen uga dadi salah sawijining basa resmi ing Uni Éropah.

Cacahé panutur basa Polen ana 38,5 yuta jiwa. Saliyané ing Polen dhéwé para panutur uga bisa tinemu ing kiwa-tengening nagara Polen.

Polen	
	język polski
Pangucapan	[ˈpɔlski]
Asal	Polen; laladan rangkah Ukraina, Slowak, Républik Céko; sadawaning rangkah Bélarus–Lithuania lan Bélarus–Latvia; Jerman, Rumeni, Israèl. Delengan uga Dhiaspora Polen.
Panyatur asli	55 yuta (2010)[1]
Kulawarga basa	Indo-Éropah ▪ Balto-Slav ▪ Slav ▪ Slav kulon ▪ Léhit ▪ **Polen**
Rupa purwa	Polen Kuna ▪ Polen Tengahan ▪ **Polen**
Aksara	Latin (Alfabèt Polen) Braille Polen
Basa isarat	Sistem Językowo-Migowy (SJM)
	Status resmi
Basa resmi ing	Polen Uni Éropah
Basa minoritas diakoni ing	Bosnia lan Hércegovina[2] Républik Céko[2] Lithuania[3][4] Slowak[2] Ukraina[2][5]
Diatur déning	Rad Basa Polen
	Kodhe basa
ISO 639-1	pl
ISO 639-2	pol
ISO 639-3	pol – sandi inklusif

Isi

Distribusi géografis

Kurang luwih 97% sing ndunungi Polen nyatakaké basa Polski minangka basa ibuné. Saliyané ing Polen, para penutur basa iki uga tinemu ing nagara-nagara saindhengé kaya ta Lituania, Bélarus, Ukraina lan uga Jerman.

Panulisan

*Artikel utama: **Alfabèt Polen***

Aksara alfabèt ing basa Polen iku wuniné sarupa lan ana gathukané karo aksara sing dikanggo basa Slav liyané. Alfabèté méh padha karo alfabèt sing dipupu basa Jawa. Bédané ana ing wuni, dwaksara (digraf) lan cerek ing aksara.

	Sandi ijèn: szl (http://www-01.sil.org/iso639-3/documentation.asp?id=szl) – Silésia
Glottolog	poli1260 (http://glottolog.org/resource/languoid/id/poli1260)[6]
Linguasphere	53-AAA-cc 53-AAA-b..-d (varitas: 53-AAA-cca to 53-AAA-ccu)



Aksara	Araning Polen	Wuni aksara mawa cara Jawa	Pertalan aksara mawa cara Jawa
A a	a	a	A a
Ą ą	o nosowe	ong	Ang ang
B b	be	bé	B b
C c	ce	tsé	Ts ts
Ć ć	cie	ts'	Ts' ts'
D d	de	dé	Dh dh
E e	e	é	É é
Ę ę	e nosowe	én	E e utawa En en*
F f	ef	éf	F f
G g	gie	gé	G g
H h	ha	hé	H h
I i	i	i	I i
J j	jot	yé	Y y
K k	ka	ka	K k
L l	el	èl	L l
Ł ł	eł	èw	W w

Aksara	Araning Polen	Wuni aksara mawa cara Jawa	Pertalan aksara mawa cara Jawa
M m	em	èm	M m
N n	en	èn	N n
Ń ń	eń	èny	Ny ny
O o	o	o	O o
Ó ó	o kreskowane	u	U u
P p	pè	pé	P p
R r	ér	ér	R r
S s	és	és	S s
Ś ś	ésy	ésy	S s
T t	tè	té	T t
U u	u	u	U u
W w	vè	vé	V v
Y y	igrèk	e	E e
Z z	zèt	zé	Z z
Ź ź	zièt	zié	Z z
Ż ż	zhèt	zhé	Z z

*Ę ę (*e nosowe* utawi *e z ogonkiem*) punika kadosé aksara anuswara, nalika diserat dumadi panambang dipunpertal minangka e lan nalika diserat sajeroning tembung dipunpertal minangka en, kaya ta:

- trochę /trohe/ - sakedhik
- piję /piyé/ - aku ngombé
- rzęka /zenka/ - kali
- mięso /mienso/- daging

Dwaksara lumrahé minangka nyerat swara usekan (frikatif) lan jeblugan (afrikat). Antara dwaksarané ya iku:

- usekan:
  - **rz**; wuniné rzhe utawa /ʐ/, /ʂ/ dipertal dadi z
- jeblugan:
  - **ch**; wuniné kaya ch ing Sebastian Ba**ch** utawa /x/ dipertal dadi h
  - **cz**; wuniné ce utawa /tʂ/ dipertal dadi c
  - **dz**; wuniné je utawa /dz/, /ts/ dipertal dadi j
  - **dź**; wuniné jie utawa /dʑ/, /tɕ/ dipertal dadi j
  - **dż**; wuniné jhe utawa /dʐ/, /tʂ/ dipertal dadi j
  - **sz**; wuniné she utawa /ʂ/ dipertal dadi s

Paramasastra

Basa Polen iki salah sawijiné basa sing paling angèl disinaoni amarga paramasastrané sing njlimet. Jlimeté iki amarga praèné wujud basa leburan, urutan tembungé cekep bèbas, nanging lumrahe tetep jejer-wasésa-lésan. Ora darbèni punang lan jejer sesulihé kerep diampiraké.

Tembung aran diklumpukaké manut telung jati: jaler, éstri lan tidha. Uga ana wijang déning tembung tunggal antara tembung aran jaler gesang karo pejah, nalika ing tembung cacah diwijang antara tembung cacah menusa-jaler karo tan-menusa-jaler. Darbèni enem rimbag paramasastra lan siji wangun pawuh:

- aran: *mianownik* (saka w. *mianować* tegesé ngarani)
- darbèn: *dopełniacz* (saka w. *dopełniać* tegesé muwuhi)
- tuju: *celownik* (saka a. *cel* tegesé panuju)
- lés: *biernik* (saka w. *brać* tegesé jupuk)
- srana: *narzędnik* (saka a. *narzędzie* tegesé perkakas)
- pernah: *miejscownik* (saka a. *miejsce* tegesé dunung)
- pawuh: *wołacz* (saka w. *wołać* tegesé nyeluk)

Dialèk Basa Polski

Basa Polski ndarbèni telung dialèk utama:

- Dialèk Polski Gedhé sing dipituturaké ing sisih kulon
- Dialèk Polski Cilik sing dipituturaké ing sisih kidul lan kidul-wétan
- Dialèk Masovia sing dipituturaké ing sisih tengah

Saliyané iku uga ana basa Silesia sing sajatiné bisa kaanggep minangka basa sing séje lan dipituturaké ing Silesia.

Uga delengen

- Basa Silesia
- Wikibooks:Kursus dhasar basa Polen

Rujukan

1. "Världens 100 största språk 2010" (The World's 100 Largest Languages in 2010), in *Nationalencyklopedin*
2. European Charter for Regional or Minority Languages
3. Framework Convention for the Protection of National Minorities (http://conventions.coe.int/Treaty/Commun/QueVoulezVous.asp?NT=157&CM=2&DF=18%2F04%2F02&CL=ENG)
4. Minority related national legislation of Lithuania (http://www.minelres.lv/NationalLegislation/Lithuania/lithuania.htm)
5. "Law of Ukraine "On Principles of State Language Policy" (Current version — Revision from 01.02.2014)" (http://zakon4.rada.gov.ua/laws/show/5029-17). *Document 5029-17, Article 7: Regional or minority languages Ukraine, Paragraph 2*. Zakon2.rada.gov.ua. 1 February 2014. Dijupuk 30 April 2014.
6. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Polish" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/poli1260). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Polen&action=edit).